



Avi sou Règleman/Politik

Tit Politik la: Enteraksyon ak Otorite Fòs Lòd Sivil yo

Nimewo Politik la: RP-26-13

Dat li Pibliye: 21 Out, 2026

Dat li Antre an Vigè: 1ye Septanm, 2026

Lyen pou Règleman an: [Interactions with Civil Law Enforcement](#)

REZIME JENERAL

Depatman Edikasyon ak Swen/Gadri pou Timoun Piti nan Massachusetts (EEC) pran angajman pou sipòte pwogram rezidansyèl yo pou pwoteje sekirite, vi prive, ak swen rezidan ak anplwaye yo lè yo ap fè fas ak prezans oswa demann ofisye ki fè respekte lalwa nan kad aplikasyon lwa sivil, tankou ofisye federal ki responsab kesyon imigrasyon sivil yo. Jan lwa PWOTEKSYON an egzije sa, Stat. 2026 c. 163, § 3, règleman sa aplike pou tout entèraksyon ak otorite ki la pou fè respekte lwa sivil yo ki gen rapò ak: lokal la ak rezidan pwogram nan ap sèvi a ; anplwaye ak pèsonèl k ap travay nan pwogram nan; ansanm ak dosye ak/oswa enfòmasyon pwogram nan konsève nan [Gid pou Founisè Swen Timoun ak Founisè Rezidansyèl sou Fason pou Yo Entèaji ak Lapolis Sivil](#), ki te pibliye oswa ke Biwo Gouvènè a te bay, Biwo Egzekitif Edikasyon an, ak EEC.

Eksepte lè lwa eta a oswa lwa federal la egzije sa, oswa lè sa nesesè pou Commonwealth oswa nenpot nan divizyon li yo administre yon pwogram ki jwenn sipò oswa finansman nan men eta a oswa gouvènman federal la, ofisye ki fè respekte lalwa sivil yo pa gen dwa fè arestasyon sivil nan lokal pwogram rezidansyèl ki gen lisans san yon manda jidisyèl oswa yon lòd jidisyèl. G.L. c. 15D, § 23(b) (ki kodifye Stat. 2026, c. 163, § 3). Dispozisyon sa a ap antre an vigè **1ye Septanm 2026**, menm si yon pwogram rezidansyèl ta deja adopte yon règleman ki refilete dispozisyon sa a oswa li poko fè sa.

Si règleman yon pwogram deja genyen yo kouvri nouvo egzijans yo, pwogram nan dwe soumèt yon atestasyon (deklarasyon/atestasyon) bay EEC pou fè konnen sa. *Gade* Entèraksyon ak Fòs Lòd/Lapolis Sivil: Nan Apandis D a. Nan ka kote règleman pwogram nan genyen yo pa kouvri tout nouvo egzijans yo, pwogram nan dwe soumèt bay EEC règleman ki rele [Règleman sou Entèraksyon ak Ofisye Lapolis Sivil](#) . Règleman Enteraksyon ak Lalwa Sivil yo enkli ladan yo yon model Règlemanpwogram yo kapab itilize. Gade pati Enteraksyon ak Lalwa Sivil yo ki nan Apandis A pou plis enfòmasyon.

Apati de **4 Septanm 2026**, pwogram yo ap kapab telechaje Règleman sou Kòman Sivil yo Kapab Enteraji ak Fòs Lòd yo osinon y ap kapab jwenn Atestasyon yo nan bibliyotèk dokiman LEAD yo, k ap anba kategori ki rele Enteraksyon ak Fòs Lòd Lwa Sivil yo: **Verifikasyon Règleman Pwogram Rezidansyèl la.**

Pwogram yo dwe prè pou yo pale konsènan de règleman enteraksyon yo ak fòs lòd sivil ak estaf EEC a pandan vizit pwogram nan.

Pa gen anyen nan mizajou règleman sa a ki entèdi yon pwogram kolabore kòmsadwa ak otorite yo, tankou lapolis, depatman ponpye, sèvis medikal ijans, otorite ki responsab pwoteksyon timoun, oswa lot ofisyèl ki responsab sekirite piblik yo, lè yo ap reponn ak yon ijans ki genyen, pandan y ap mennen ankèt sou yon zak kriminèl, ap pwoteje yon timoun kont abi oswa neglijan, oswa lè yo ap egzèse nenpot lòt otorite lalawa bay yo ki pa gen rapò ak aplikasyon lwa sivil sou imigrasyon.

Pa gen anyen nan règleman sa a ki chanje obligasyon pwogram nan genyen pou li respekte lwa eta a ak lwa federal yo, oswa règleman ak pwosedi EEC yo.

APLIKABILITE

Règleman sa a aplike pou tout pwogram rezidansyèl ki gen lisans yo.

SIJÈ ENPÒTAN YO

Pwogram rezidansyèl yo dwe kreye epi kenbe yon règleman ki rele Règleman sou Aplikasyon Lwa Sivil, ki gen enfòmasyon ki reponn ak egzijans byen detaye yo. Règleman Enteraksyon ak Lwa Sivil la ki enkli ladan tou lòt enfòmasyon nan seksyon ki vin aprè yo, ki ede pwogram nan mete egzijans règleman sa a an aplikasyon:

- Enfòmasyon Jeneral
- Otorite

- Definisyon
- Deklarasyon sou Règleman
- Gid yo Rekòmande
- Konfòmite
- Enfòmasyon Adisyonèl
- Règleman ki pa ajou
- Apandis A: Modèl Règleman sou Entèraksyon ak Otorite ki fè Respekte Lwa Sivik yo

PA AN MIZAJOU/ EKSPIRE

- Biwo Egzekitif Edikasyon: [Gid \(Me 2026\): Rekòmandasyon pou Antite k ap Bay Sèvis Edikasyon ak Gadri pou Timoun Piti sou Fason pou Entèaji ak Ofisye Imigrasyon Federal yo](#)